



## Plan Sekou Ameriken an Bese Pri Asirans Sante pou pifò moun k ap viv Nouyòk

**NY State of Health ka ede ou konprann nouvo asistans finansyè a, mete ajou kantite lajan kredi taks ou, epi achte ak chwazi yon plan asirans sante pou ou.**

### Kontakte NY State of Health:



Konekte sou entènèt nan: [yst  
nystateofhealth.ny.gov](https://nystateofhealth.ny.gov)



Rele Sant Sèvis Kliyantèl la nan  
nimewo: 1-855-355-5777  
(TTY: 1-800-662-1220)



Jwenn èd gratis nan men yon  
moun k ap ede pou Enskripsyon  
an. Jwenn youn nan: [info.  
nystateofhealth.ny.gov/  
findassistor](https://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor)

### Konprann Nouvo Asistans Finansyè a

- Yo te siyen lwa sou Plan Sekou Ameriken an 11 Mas 2021. Li gen ladan nouvo ak pi gwo asistans finansyè pou moun k ap viv Nouyòk ki enskri nan asirans sante atravè NY State of Health.
- Asistans finansyè sa a disponib kounye a pou moun **ki deja enskri ak moun ki fenk ap enskri, ak moun ki gen revni wo** yo ladan **tou pou premye fwa**.
- Vye pou avi avèk imèl nan men NY State of Health k ap di ou kisa pou w fè.
- Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Plan Sekou Ameriken an, tanpri vizite: [https://info.nystateofhealth.ny.gov/  
AmericanRescuePlan](https://info.nystateofhealth.ny.gov/AmericanRescuePlan)

NY State of Health respekte lwa federal anrapò ak dwa sivil ak lwa Eta yo, epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi dorijin, kwayans / relijyon, sèks, laj, sitiyasyon matrimonyal / sitiyasyon fanmi, andikap, kondisyon ki gen rapò ak gwosès, dosye arestasyon, kondanasyon kriminel (yo), idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, kondisyon militè, viktim vyolans domestik ak / oswa vanjans.

## Plan Sekou Ameriken an Bese Pri Asirans Sante pou pifò mounk ap viv Nouyòk

### Men sa ou bezwen fè:

#### **Si ou deja enskri nan yon plan nan NY State of Health epi w ap resevwa asistans finansyè:**

- Ou kalifye kounye a pou jwenn plis asistans finansyè.
- NY State of Health te voye yon lèt ba ou nan kòmansman mwa avril la ak nouvo montan kredi nan taks ou ki te pi wo a.
- NY State of Health te ogmante montan kredi nan taks ou a otomatikman pou ou. Pou fè chanjman, ou ka konekte sou kont NY State of Health ou a, kontakte moun k ap ede ou ak enskripsyon ou an, oswa rele 1-855-355-5777.

#### **Si ou te kòmanse yon aplikasyon NY State of Health men ou pa enskri nan yon plan sante:**

- Si yo te di ou ou te kalifye pou asistans finansyè, ou kapab kalifye kounye a pou resevwa plis. Retounen konekte sou kont NY State of Health ou a kounye a epi tcheke pou wè si ou kalifye pou pi gwo kredi taks, lè sa a achte epi chwazi yon plan asirans.
- Si yo te di w ou pa te kalifye pou asistans finansyè avan, NY State of Health ka te voye yon avi ki pi resan ba ou pou di w ou kalifye. Retounen konekte sou kont NY State of Health ou a kounye a epi tcheke pou wè si ou kalifye pou kredi taks, epi chèche epi chwazi yon plan asirans.

#### **Si ou deja enskri nan yon plan nan NY State of Health epi ou pa resevwa asistans finansyè:**

- Ou Kapab Kalifye kounye a pou kredi taks avanse.
- Si ou kalifye, NY State of Health ap voye yon lèt ba ou ak nouvo montan kredi nan taks ou an. Enstriksyon sou fason pou aplike kredi taks ou yo ap disponib nan <https://info.nystateofhealth.ny.gov/AmericanRescuePlan>

#### **Si ou pa enskri nan yon plan nan NY State of Health epi ou pa t janm kòmanse yon aplikasyon:**

- Aplike kounye a nan [nystateofhealth.ny.gov](https://nystateofhealth.ny.gov) pou konnen pou kisa ou kalifye.
- Pifò Nouyòkè kalifye pou asirans kip a koute anpil kòb oswa asirans ki gratis.